



5 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Pwoteksyon kont Asèlman Seksyèl nan Kad Lwa New Jersey a

- 1 Lwa Kont Diskriminasyon (LAD) New Jersey a entèdi asèlman seksyèl, yon fòm diskriminasyon ki baze sou sèks, nan lojman, travay, ak lokal akomodasyon piblik yo (jeneralman, lokal ki ouvri pou piblik, ki gen ladan biznis, restoran, lekòl, kan dete, founisè medikal, etc.).**
- 2 Asèlman seksyèl kapab gen ladan asèlman vèbal, tankou langaj sal oswa kòmantè denigran; asèlman fizik, tankou kontak endezire; oswa asèlman vizyèl, tankou afiche imaj pònografik, desen anime oswa desen.**
- 3 Jeneralman gen de(2) kalite asèlman seksyèl: yon favè pou yon favè (quid pro quo) ak anviwònman agresif. Asèlman yon favè pou yon favè a se yon avantaj (tankou yon pwomosyon nan travay, yon kontra-lwaye sou apatman, oswa aksè ak yon restoran) ki kondisyon sou favè seksyèl oswa lè gen menas yon aksyon defavorab (tankou revoke oswa ekspilse) si ou refize yon avans seksyèl. Anviwònman agresif se lè ou sijè ak konpòtman asèlman endezire ki baze sou sèks ki nan nivo grav oswa anvayisan.**
- 4 Yon anplwayè, founisè lojman, oswa lokal akomodasyon piblik dwe aji pou sispann asèlman seksyèl si li okouran oswa ta vin okouran sou sa. Kidonk, si yon kolèg manyen ou yon fason ki pa apwopriye oswa pale sou kò ou avèk anpil detay devan sipèvizè ou, anplwayè ou a dwe aji. Menm jan an, pwopriyetè ou dwe aji si ou rapòte ke sipè-entandan an te mande favè seksyèl an echanj reparasyon frijidè ou, oswa si li souvan rele ou "bagay-eksitan" malgre ou mande li pou sispann.**
- 5 Yon anplwayè, pwopriyetè oswa lokal pou akomodasyon piblik pa ka fè reprezay kont ou poutèt ou pwoteste kont asèlman seksyèl, depoze yon plent pou asèlman seksyèl oswa poutèt ou egzèsè oswa eseye egzèsè nenpòt lòt dwa nan kad LAD a.**

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele **973-648-2700**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ

NJCivilRights.gov

DIVISION ON
CIVIL RIGHTS